



## Kesyon Sivik (Istwa ak Gouvènman) yo pou Egzamen Natiralizasyon an

100 (san) kesyon ak repons sivik (istwa ak gouvènman) pou egzamen natiralizasyon an ki ekri anba. Egzamen sivik la se yon egzamen oral epi ofisye imigrasyon (USCIS) an pwal poze aplikan an jiska 10 (dis) kesyon sou 100 (san) kesyon sivik yo. Yon aplikan dwe reponn byen 6 (sis) sou 10 (dis) kesyon yo pou li ka pase pati sivik nan egzamen natiralizasyon an.

Nan egzamen natiralizasyon an gen kèk repons ki ka chanje pou tèt eleksyon oswa lòt moun ke yo nonmen nan pozisyon yo. Lè wap etidye pou egzamen an, asire'w ke ou konnen repons bagay ki ap fèt kounyen an. Reponn kesyon sa yo bay ofisye imigrasyon ki devan'w lan lè ou vini nan entèvyou pou natiralizasyon an ak Imigrasyon. Ofisye Imigrasyon an pap aksepte yon repons ki pa bon.

Pou ede w etidye, USCIS (Imigrasyon) tradui 100 (san) kesyon ak repons yo an kreyòl ayisyen; egzamen sivik lan ap fèt an angle sòf si w kalifye pou yon egzansyon. Ou ka konnen si w kalifye pou yon egzansyon nan <https://www.uscis.gov/citizenship/exceptions-and-accommodations>, epi 100 (san) kesyon ak repons yo ki an angle a ou ka jwen li isit nan : <https://www.uscis.gov/sites/default/files/document/questions-and-answers/100q.pdf>

**Menm lè Imigrasyon konnen ke gen lòt jan ki bon pou reponn 100 (san) kesyon sivik yo, y'ap ankouraje aplikan yo pou yo reponn kesyon sivik yo jan li ekri anba la.**

### (ISTWA) GOUVÈNMAN AMERIKEN

#### A: Prensip sou Demokrasi Ameriken an

- 1. Ki jan yo rele pi gwo lwa peyi a?**
  - *Konstitisyon*
- 2. Ki sa konstitisyon fè?**
  - Mete gouvènman an plas
  - *Eksplike pozisyon gouvènman an*
  - *Pwoteje dwa esansyel pèp ameriken an*
- 3. Lide nou kapab gouvène tèt nou an se twa (3) premye mo nan Konstitisyon an. Ki twa (3) premye mo sa yo?**
  - *Nou menm pèp la*
- 4. Ki sa yon amandman ye?**
  - *Yon bagay ke yo chanje (nan Konstitisyon an)*
  - *Yon bagay ke yo ajoute (nan Konstitisyon an)*
- 5. Kijan yo rele 10 (dis) premye amandman nan Konstitisyon an?**
  - *Deklarasyon dwa yo*
- 6. Di'm yon dwa oswa yon libète ki nan Premye Amandman an? \***
  - *lapawòl*
  - *Relijyon*
  - *Rasanbleman*

\* Si'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

- *Laprès*
  - *Mande gouvènman an pou li di 'w sa 'k ap pase*
7. **Konbyen amandman ki gen nan Konstitisyon an?**
- *27 (Vennsèt)*
8. **Ki sa Deklarasyon Endepandans lan te fè?**
- *Anonse endepandans nou (nan men Grann Bretay)*
  - *Deklare endepandans nou (nan men Grann Bretay)*
  - *Fè konnen ke Etazini pran libète 'l (nan men Grann Bretay)*
9. **Di'm de dwa ki nan Deklarasyon Endepandans lan?**
- *Lavi*
  - *Libète*
  - *Chèche kè kontan*
10. **Ki sa libète relijyon vle di?**
- *Ou ka pratike nenpòt ki relijyon, oswa pa pratike okenn relijyon*
11. **Ki jan yo rele sistèm ekonomik peyi Etazini an? \***
- *Ekonomi Kapitalis*
  - *Ekonomi Makèt*
12. **Kisa « regleman lalwa » vle di?**
- *Tout moun dwe swiv lalwa*
  - *Lidè yo dwe obeyi lalwa*
  - *Gouvènman an dwe obeyi lalwa*
  - *Pa gen moun ki sou tèt lalwa*

## **B: Sistèm Gouvènman an**

13. **Di'm non yon branch oswa yon pati nan gouvènman an? \***
- *Palman an/kongrè*
  - *Lejislatif*
  - *Prezidan*
  - *Egzekitif*
  - *Tribinal yo*
  - *Jidisyè*
14. **Ki sa ki anpeche yon branch nan gouvènman an vin gen twòp pouvwa?**
- *Tchèk ak balans*
  - *Separasyon pouvwa yo*
15. **Ki moun ki responsab branch egzekitif la?**
- *Prezidan an*
16. **Ki moun ki fè lwa federal yo?**
- *Palman an*
  - *Sena a ak Lachanm (depite)*
  - *Lejislati (ameriken oswa nasyonal)*

\* Si 'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

17. **Ki de pati ki gen nan Palman Etazini an? \***
  - *Sena ak Chanm Depite*
18. **Konbyen senatè ameriken ki genyen?**
  - *100 (san)*
19. **Pou konbyen tan nou mete senatè yo?**
  - *6 (sis) zan*
20. **Di'm non youn nan senatè nan Eta kote ou rete kounyen a? \***
  - *Repons a ap varye [Moun ki rete nan Washington D.C ak lòt teritwa ameriken yo dwe konnen ke zòn sa yo pa gen senatè ameriken]*
21. **Konbyen manb ki ka vote ki gen nan La Chanm?**
  - *435 (Kat san trant senk)*
22. **Pou konbyen tan nou mete depite ameriken yo?**
  - *2 (De) zan*
23. **Di'm non depite ki reprezante zòn ou an?**
  - *Repons sa ap varye [Moun ki rete nan teritwa ki gen delege ak komisè ki pa gen dwa vote yo kapab bay non delege oswa komisè yo. Y'ap aksepte tou si moun nan di teritwa li a (pa genyen) depite ki ka vote nan Lachanm]*
24. **Ki moun yon senatè ameriken reprezante?**
  - *Tout moun ki rete nan Eta sa*
25. **Pou ki sa gen eta ki gen plis depite ke yon lòt?**
  - *Akòz de popilasyon eta a*
  - *Paske gen plis moun*
  - *Paske gen eta ki gen plis moun*
26. **Pou konbyen tan nou mete yon prezidan?**
  - *4 (Kat)*
27. **Nan ki mwa nou vote pou prezidan? \***
  - *Novanm*
28. **Ki jan yo rele moun ki prezidan Etazini kounyen an? \***
  - *Ale sou sit saa [uscis.gov/citizenship/testupdates](https://uscis.gov/citizenship/testupdates) pou 'w ka wè non prezidan Etazini an*
29. **Ki jan yo rele moun ki vis-prezidan Etazini kounyen an?**
  - *Ale sou sit saa [uscis.gov/citizenship/testupdates](https://uscis.gov/citizenship/testupdates) pou 'w ka wè non vis-prezidan Etazini an*
30. **Si prezidan an pa ka sèvi peyi ankò, ki moun k'ap ranplase'l?**
  - *Vis-presidan an*
31. **Si prezidan an ak vis-prezidan an pa ka sèvi peyi ankò ki moun k'ap ranplase yo?**
  - *Prezidan Lachanm nan*
32. **Ki moun ki kòmandan an chèf lame a?**
  - *Prezidan an*
33. **Ki moun ki siyen pwojè lwa yo ki vin tounen lwa?**
  - *Prezidan*

\* Si 'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

34. **Ki moun ki ka rejte pwojè lwa yo?**
- *Prezidan*
35. **Ki ròl Kabinè Prezidan an?**
- *Bay Prezidan an konsèy*
36. **ban' m non 2 (de) pòs nan kabinè a?**
- *Minis Agrikilti*
  - *Minis Komès*
  - *Minis Defans*
  - *Minis Edikasyon*
  - *Minis Enèji*
  - *Minis Sante ak Sèvis Imen*
  - *Minis Sekirite Enteryè*
  - *Minis Lojman ak Devlopman vil yo*
  - *Minis Enteryè*
  - *Minis Travay*
  - *Sekretè d'Eta*
  - *Minis Transpò*
  - *Minis Finans*
  - *Minis Zafè Veteran yo*
  - *Minis Jistis*
  - *Vis-prezidan*
37. **Ki sa branch jidisyè a fè?**
- *Revise lwa yo*
  - *Eksplike lwa yo*
  - *Rezoud diskisyon (dezagreman)*
  - *Deside si yon lwa pa an akò ak konstitisyon an*
38. **Ki jan yo rele pi gwo tribinal Etazini an?**
- *Tribinal Siprèm*
39. **Kombyen jij ki genyen nan Tribinal Siprèm nan?**
- *Ale sou sit saa [uscis.gov/citizenship/testupdates](https://uscis.gov/citizenship/testupdates) pou'w ka wè konbyen jij ki genyen nan Tribinal Siprèm nan*
40. **Ki jan yo rele Jij an Chèf Tribinal Siprèm nan?**
- *Ale sou sit saa: [uscis.gov/citizenship/testupdates](https://uscis.gov/citizenship/testupdates) pou'w ka wè non Jij an Chèf Tribinal Siprèm nan*
41. **Nan konstitisyon nou an, gen de pouvwa ke gouvènman federal genyen. Di'm yon pouvwa gouvènman federal la genyen?**
- *Enprime lajan*
  - *Deklare lagè*
  - *Kreye on lame*
  - *Siyen akò*
42. **Nan konstitisyon nou an, gen de pouvwa ke eta yo genyen. Di'm yon pouvwa eta yo genyen?**
- *Bay lekòl ak enstriksyon*
  - *Bay pwoteksyon (lapolis)*
  - *Bay sekirite kont danje (ponpye)*
  - *Bay lisans pou kondwi*
  - *Bay otorization pou itilize zòn yo ak tè yo*

\* Si'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

43. **Ki jan yo rele gouvènè Eta kote ou rete a?**  
 ▪ *Repons sa ap varye. [Moun ki rete Washington D.C sipoze reponn: D.C pa gen gouvènè]*
44. **Ki jan yo rele kapital Eta ou rete a? \***  
 ▪ *Repons kesyon sa ap varye. [Moun ki rete Washington D.C sipoze reponn: D.C pa yo Eta, li pa gen kapital. Moun ki rete nan teritwa ameriken yo sipoze bay non kapital teritwa a.]*
45. **Ki jan yo rele 2 (de) pi gwo pati politik ki gen nan Etazini an? \***  
 ▪ *Democrat ak Repibliken*
46. **Nan ki pati politik prezidan an sòti?**  
 ▪ *Ale sou sit sa: [uscis.gov/citizenship/testupdates](https://uscis.gov/citizenship/testupdates) pou 'w ka wè pati politik prezidan an*
47. **Ki jan yo rele Prezidan LaChanm nan?**  
 ▪ *Ale sou sit sa: [uscis.gov/citizenship/testupdates](https://uscis.gov/citizenship/testupdates) pou 'w kapab wè ki jan prezidan LaChanm nan rele*

### C: Dwa ak Responsabilite

48. **Gen 4 (kat) amandman nan konstitisyon an ki pale de ki moun ki ka vote. Di'm youn ladan yo?**  
 ▪ *Moun ki ameriken ki gen 18 (dizuit)an oswa plis (kapab vote)*  
 ▪ *Ou pa oblije peye (taks pou pase) pou 'w vote*  
 ▪ *Nenpòt moun ki ameriken kapab vote (Fi kou gason kapab vote)*  
 ▪ *Yon gason ki ameriken kelke swa koulè li (kapab vote)*
49. **Di'm yon responsabilite ki sèlman pou moun ki ameriken? \***  
 ▪ *Sèvi kòm manm jiri*  
 ▪ *Vote nan eleksyon federal*
50. **Di'm yon dwa ke sèl moun ki ameriken genyen?**  
 ▪ *Vote nan eleksyon federal*  
 ▪ *Aplike pou pozisyon federal*
51. **Di'm 2 (de) dwa oswa libète tout moun k'ap viv nan Etazini genyen?**  
 ▪ *Libète pou di sa lide 'w di 'w*  
 ▪ *Libète pou pale*  
 ▪ *Libète pou rasanble*  
 ▪ *Libète pou mande pou gouvènman di 'w sa kap pase*  
 ▪ *Libète relijyon*  
 ▪ *Dwa pou pote zam*
52. **Anvè ki sa nou montre fidelite nou lè nap resite “Sèman ki montre atachman nou”?**  
 ▪ *Etazini*  
 ▪ *Drapo a*
53. **Di'm yon pwomès ou fè lè 'w vin yon ameriken?**  
 ▪ *Renonse fidèlite 'w ak lòt peyi*  
 ▪ *Defann konstitisyon an ak lwa Etazini yo*  
 ▪ *Obeyi lwa Etazini yo*  
 ▪ *Sèvi nan lame ameriken (si li nesèsè)*  
 ▪ *Sèvi (fè travay enpòtan pou) peyi an (si li nesèsè)*  
 ▪ *Kanpe ak Etazini*

\* Si 'w gen 65 (swasanssenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

**54. Ki laj pou yon ameriken gen pou'l ka vote pou prezidan? \***

- 18 (*Dizuit*) an oswa plis

**55. Ki 2 (de) jan ameriken ka patisipe nan demokrasi yo?**

- *Vote*
- *Rantre nan yon pati politik*
- *Ede nan kanpay*
- *Rantre nan yon gwoup sivik*
- *Rante nan yon gwoup kominotè*
- *Pataje opinion 'w ak otorite yo sou yon pwoblèm*
- *Rele senatè ak depite yo*
- *Sipòte oubyen opoze yon desizyon ou yon pwoblèm, piblikman*
- *Poze kandidati 'w pou pòs nan gouvènman an*
- *Ekri jounal yo*

**56. Ki dènye jou pou yon moun ka voye papye taks ou ale? \***

- 15 (*kenz*) avril

**57. A ki laj tout gason dwe enskri pou lame?**

- *Lè li gen 18 (*dizuit*) an*
- *Ant 18 (*dizuit*) ak 26 (*vennsis*) zan*

## ISTWA AMERIKEN

### A: Tan Kolonyal ak Endepans

**58. Di'm yon rezon ki fè kolon yo te vini an Amerik?**

- *Libète*
- *Libète politik*
- *Libète relijyon*
- *Opòtinite ekonomik*
- *Pratike relijyon pa yo*
- *Sove pou pèsekisyon*

**59. Ki moun ki te rete an Amerik anvan Ewopeyen yo te vini?**

- *Endyen ameriken*
- *Natif natal ameriken*

**60. Ki gwoup moun yo te mennen an Amerik epi yo te vann yo kòm esklav?**

- *Afriken*
- *Moun ki te sòti an Afrik*

**61. Pou ki sa kolon yo te goumen ak angle yo?**

- *Paske yo t'ap peye anpil taks (*peye taks san reprezantasyon*)*
- *Paske lame angle a te desann nan kay moun yo (*pansyon, kazèn*)*
- *Paske yo pa't gen dwa gouvène tèt yo*

\* Si'w gen 65 (*swasannsenk*) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (*ven*) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

62. **Ki moun ki te ekri deklarasyon endepandans lan?**
- *(Thomas) Jefferson*
63. **Ki dat yo te adopte deklarasyon endepandans lan?**
- *4 jiyè 1776*
64. **Te gen 13 (trèz) premye eta. Di'm 3 (twa).**
- *Nou Anmchè*
  - *Masachousèt*
  - *Rod Aylann*
  - *Konektikèt*
  - *Nou Yòk*
  - *Nou Jèze*
  - *Pennsilvani*
  - *Delawè*
  - *Merilann*
  - *Vijini*
  - *Karolin di Nò*
  - *Karolin di Sid*
  - *Jòji*
65. **Ki sa ki te pase nan konvansyon pou konstitisyon an?**
- *Yo te ekri konstitisyon an*
  - *Zansèt fondatè yo te ekri konstitisyon an*
66. **Ki lè konstitisyon an te ekri?**
- *1787*
67. **Papye Federalis yo te soutni pasaj ki nan konstitisyon ameriken an. Di'm non youn nan moun ki te ekri yo?**
- *(James) Madison*
  - *(Alexander) Hamilton*
  - *(John) Jay*
  - *Publius*
68. **Di'm yon bagay ke tout moun te konnen sou Benjamin Franklin?**
- *Diplomat ameriken*
  - *Manm ki pi granmoun nan konvansyon pou konstitisyon an*
  - *Premyè Direktè Jeneral Lapòs Etazini*
  - *Li te ekri "Almanak Podyab Richa"*
  - *Li te komanse premye bibliyotèk gratis yo*
69. **Ki moun ki "papa peyi nou an"?**
- *(George) Washington*
70. **Ki moun ki te premye prezidan? \***
- *(George) Washington*

\* Si'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

## B: Ane 1800 yo

71. **Ki teritwa Etazini te achte nan men laFrans an 1803?**
- *Teritwa Lwizyann*
  - *Lwizyann*
72. **Di'm yon lagè Etazini te goumen ladan'l nan ane 1800 yo.**
- *lagè 1812*
  - *lagè Meksiken-Ameriken*
  - *lagè sivil*
  - *lagè Panyòl-Ameriken*
73. **Di'm yon lagè ki te fèt ant Nò ak Sid isit lan Etazini?**
- *lagè sivil*
  - *lagè ant eta yo*
74. **Di'm yon pwoblèm ki te lakòz lagè sivil la?**
- *Esklavaj*
  - *Rezon ekonomik*
  - *Dwa eta yo*
75. **Di'm yon bagay enpòtan Abraham Lincoln te fè? \***
- *Libere esklav yo (Pwoklame Liberasyon)*
  - *Sove (oubyen prezève) Inyon an*
  - *Dirije Etazini pandan gè sivil la*
76. **Ki sa proklamasyon liberasyon an te fè?\*\*\***
- *Libere esklav yo*
  - *Libere esklav nan konfederasyon yo*
  - *Libere eklav ki nan eta Konfederasyon yo*
  - *Libere esklav nan pifò tout eta nan sid yo*
77. **Ki sa Susan B. Anthony te fè?**
- *Li te goumen pou dwa fanm*
  - *Li te goumen pou dwa sivil*

## C: Istwa Ameriken Kounyen an ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan sou Listwa

78. **Di'm yon lagè Etazini te goumen ladan'l nan ane 1900 yo?\***
- *Premyè Gè Mondyal*
  - *Dezyèm Gè Mondyal*
  - *Lagè Kore*
  - *lagè Vyetnam*
  - *lagè Golf (Pèsik)*
79. **Ki moun ki te prezidan panda Premyè Gè Mondyal?**
- *(Woodrow) Wilson*
80. **Ki moun ki te prezidan pandan Gwo Kriz ekonomik lan ak Dezyèm Gè Mondyal?**
- *(Franklin) Roosevelt*

\* Si'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.



81. **Kont ki peyi Etazini te goumen nan Dezyèm Gè Mondyal?**
- *Japon, Almay ak Itali*
82. **Avan li te prezidan, Eisenhower te yon jeneral. Nan ki lagè li te ye?**
- *Dezyèm Gè Mondyal*
83. **Padan Lagè Frèt la, ki pi gwo enkyetid Etazini te genyen?**
- *Kamoken*
84. **Ki mouvman ki te eseye sispann prejije koulè a?**
- *(Mouvman) Dwa Sivil*
85. **Ki sa Martin Luther King, Jr. te fè? \***
- *Li te goumen pou dwa sivil*
  - *Li te travay pou tout ameriken egal*
86. **Ki gwo evènman ki te pase nan Etazini 11 Septanm 2001?**
- *Teworis yo te atake Etazini*
87. **Di'm non yon tribi Endyen ki gen nan Etazini?**
- [Ofisye Imigrasyon an ap gen yon lis tribi endyen ameriken ke gouvènman an rekonèt]*
- *Tchiwòki*
  - *Navaho*
  - *Sou*
  - *Tchipèwa*
  - *Tchakta*
  - *Pweblo*
  - *Apatchi*
  - *Irokwa*
  - *Krik*
  - *Blakfit*
  - *Sèminòl*
  - *Chayann*
  - *Arawak*
  - *Chawni*
  - *Moyigann*
  - *Hyron*
  - *Oneyida*
  - *Lakota*
  - *Kro*
  - *Titonn*
  - *Hopi*
  - *Inyouwit*

\* Si'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

## ISTWA AK GOUVÈNMAN (SIVIK) KE YO AJOUTE LADANN

### A: Jeyografi

88. Di'm youn nan rivyè ki pi long nan Etazini?

- (Rivyè) Missouri
- (Rivyè) Misisipi

89. Ki oseyan ki nan kòt lwès Etazini?

- (Oseyan) Pasifik

90. Ki Oseyan ki nan kòt ès nan Etazini?

- (Oseyan) Atlantik

91. Di'm youn teritwa ki pou Etazini?

- Pòtoriko
- Zile Vyèj Ameriken yo
- Samoa Ameriken
- Zile Maryann di Nò yo
- Gwam

92. Di'm non youn eta ki kole ak Kanada?

- Meyin
- Nou Enmchè
- Vèmont
- Nou Yòk
- Pennsilvani
- Ohayo
- Michigann
- Minesota
- Dakota di Nò
- Monntana
- Aydao
- Wachinton
- Alaska

93. Di'm youn eta ki kole ak Meksik?

- Kalifòni
- Arizona
- Nou Meksiko
- Tekzas

94. Ki kapital Etazini? \*

- Wachinnton D.C.

95. Ki kote estati Lalibète a ye?\*

- Nou Yòk (Waf)
- Zile Libète

[Nou aksepte tou si 'w di: Nou Jèze, tou pre Nou Yòk Siti, ak nan (Rivyè) Hudson nan]

\* Si 'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.

## B: Senbòl yo

96. **Pou ki sa drapo a genyen 13 (trèz) ba?**
- *Paske te genyen 13 (trèz) premye koloni*
  - *Paske ba yo reprezante premye koloni yo*
97. **Pou ki sa drapo a genyen 50 (senkant) zetwal? \***
- *Paske gen yon zetwal pou chak eta*
  - *Paske chak zetwal reprezante yon eta*
  - *Paske genyen 50 (senkant) eta*
98. **Ki jan yo rele Im Nasyonal la?**
- *labanyè ki plen zetwal*

## C: Jou Ferye yo

99. **Ki dat nou fete endepandans isit? \***
- *4 jiyè*
100. **Di'm 2 (de) fèt nasyonal nan Etazini?**
- *Jou dlan*
  - *Jou Martin Luther King Jr.*
  - *Jou Prezidan yo*
  - *Jou Souvni*
  - *Jou Liberasyon (esklav)*
  - *Jou Endepandans*
  - *Jou Fèt Travay*
  - *Jou Veteran*
  - *Tenksgrivin/ Fèt Kodenn*
  - *Nwèl*

\* Si'w gen 65 (swasannsenk) an oswa plis epi ou gen rezidans ou nan Etazini depi 20 (ven) tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki gen ti zetwal bo kote yo an.